# <u>4 fan ci Awril: Cosaan li ak lan moo ciy xew</u>

Bésu 4 fan ci Awril moo tombe ak bésu endepandaas ci Senegaal. Bés bii nekk na bés bi Senegaal moomom boppam. Am na tamit taxawaay bu mag ci cosaanu rééw mi ndax càllale gi daggewoon na ci rééwum Faraas ak doxalinu pólitigam.

Lu jiitu 4 fan ci Awril ci 1960, ñenn ci ñoñ pólitig gi ak boroom xam-xam yi ci Senegaal ak Afrik sowu-jànt doon nañu xalaat ci ëllëgu ak doxalinu rééw yi ginnaaw ati 1960. Lóólu moo taxoon ñenn ci kilifay pólitig yi dajewoon nañu ngir booloo nekk benn. Ñeenti rééw bëggoon nañu sos *Fédération du Mali*. Njiiti pólitig yi ci Senegaal, *Mali*, Dahomey, ak Burkina Faso amaloon nañu am ndaje ci Bamako (ci *Mali*) diggënté 29 ba 30 fan ci Desàmbar ci 1958. Séén mébét moo doon: booloo ngir sos menn rééw mu mag ngir yokkute ci Afrik sowu-jant. Waaye, Senegaal ak *Mali* rekk ñoo mujj sos *La Fédération du Mali*. Moomandoowoon nañu séén bopp ci 4 fan ci Awril ci 1960. Lóólu moo tax Senegaal tànnoon na bóóbu bés ngir feete endepandaas ginnaaw njeextelu *Fédération du Mali* ci 20 fan ci Ut ci menn at mi.

4 fan ci Awril nekk na bésu feet. Nekk na tamit bésu fàttaliku cosaan. Senegaal dina dalal gan yu bari yu jògé ci yeneen rééwi Afrik yi. Ñu ëpp ci ñoom nekk nañu ay njiit. Am na ay xew-xewi caada ak pólitig. Dina am tamit bàkku ak larme bi ak liggééykat yi. Dañuy yéégal raaya yi ngir màggal màndargay rééw mi. Njiitu-rééw mi ak nguuram ak larme bi ñoo jiité xew-xew yi ci bés bi. Nekk na bés bu am solo lool ci askanu Senegaal te ñu bari bëgg nañu teewe ko, rawatina bàkku yi.

**Baat yu bees yi:**

| | |
|---|---|
| Tombe ak (-v) | = correspond to |
| Moom (-v) | = to own |
| Moom sa bopp (-v) | = be, become independent |
| Taxawaay –b | = representation, meaning, symbolism |
| Càllale –g | = dependence, link |
| Doxalinu pólig | = political organization, system |
| Lu jiitu … | = before … |
| Ñenn ci | = some among (people) |
| Ñoñ | = people of …. |
| Ñoñ pólitig yi | = political leaders |
| Booloo (-v) | = to unite, get united |
| Boroom xam-xam –b | = intellectual |
| Afrik sowu-jant | = West Africa |
| Doon nañu xalat | = same as **xalaatoon nañu** |

| | |
|---|---|
| Ëllëg –g | = future |
| Doxalin –w | = way of leading, organization, etc. |
| Ati 1960 | = the 1960s |
| Lóólu moo taxoon | = that was the reason why … |
| Kilifay pólitig yi | = political leaders |
| Daje | = to meet |
| | |
| Ndaje –m | = meeting |
| Booloo nekk benn | = to unite (and become one) |
| Sos | = to create, to form |
| Amal | = to make happen (to make possible) |
| Mébét –m | = aim, intention, goal |
| Yokkute –g | = prosperity, development |
| Mujj + verb | = end up **doing something** |
| Mujj sos | = to (eventually) create |
| Moomandoo séén bopp | = to gain independence together |
| Ci menn at mi | =in the same year |
| Bàkku –b | = parade |
| Larme –b | = the army |
| Yéégal | = to raise (from **yéég =** to climb up on something, to get to a higher position) |
| Raaya yi | = the colors (the flag) |
| Màggal | = to celebrate (to make bigger) |
| Teewe | = to attend (from **teew=** to be present) |

**A- Laaj ak tontu**

1. Kañ lañu sosoon *La Fédération du Mali*?

   ________________________________________

2. Ñaata rééw ñoo ko bëggoon sos?

   ________________________________________

3. Yan rééw ñoo ko mujj sos?

   ________________________________________

4. Lutax Senegaal tànnulwoon 20 fan ci Ut ngir endepandaasam?

   ________________________________________

5. Ndax larme bi rekk mooy bàkku ci 4 fan ci Awril?

   ________________________________________

**B- Waaw wala déédéét**

1. Ci 20 fan ci Ut ci 1960, rééwu Gàmbi bokkoon na ci rééw yu sosoon *Fédération du Mali*. ___________________
2. Liggééykat yi bokk nañu ci bàkku yi ci 4 fan ci Awril. ___________________
3. Jëwriñ ju njëkk ji moo jiité xew-xew yi ci 4 fan ci Awril. ___________________
4. Senegaal ak Mali ñoo moomandoowoon séén bopp. ___________________

**C- Tekki ci Angale.**

Lu jiitu 4 fan ci Awril ci 1960, ñenn ci ñoñ pólitig gi ak boroom xam-xam yi ci Senegaal ak Afrik sowu-jànt doon nañu xalaat ci ëllëgu ak doxalinu rééw yi ginnaaw ati 1960. Lóólu moo taxoon ñenn ci kilifay pólitig yi dajewoon nañu ngir booloo nekk benn. Ñeenti rééw bëggoon nañu sos *Fédération du Mali*. Njiiti pólitig yi ci Senegaal, *Mali*, Dahomey, ak Burkina Faso amaloon nañu am ndaje ci Bamako (ci *Mali*) diggënté 29 ba 30 fan ci Desàmbar ci 1958. Séén mébét moo doon: booloo ngir sos menn rééw mu mag ngir yokkute ci Afrik sowu-jant. Waaye, Senegaal ak *Mali* rekk ñoo mujj sos *La Fédération du Mali*. Moomandoowoon nañu séén bopp ci 4 fan ci Awril ci 1960. Lóólu moo tax Senegaal tànnoon na bóóbu bés ngir feete endepandaas ginnaaw njeextelu *Fédération du Mali* ci 20 fan ci Ut ci menn at mi.

…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………

**D- Méngalé baat yi**

| | |
|---|---|
| 1. Bàkku | a. Solo |
| 2. Larme | b. Dox |
| 3. Ñoñ | c. Kilifa |
| 4. Taxawaay | d. Waa |
| 5. Njiit | e. Xeexkat yi |

**E- Mbind:** Bindal tuuti ci lan mooy xew ci bésu endepandaas ci sa rééw. Wala ci benn bés bu am solo ci sa cosaanu rééw.

…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………

**F- Nanu waxtaan ci sunu biir**

Everybody prepares three questions based on the text. Prepare and write down the answers. We will walk around and ask to different people the questions we have and discuss with them about what we understand from the text.

**Laaj yi**

1.………………………………………………………………………………………
………………………………………………………………………………………..
2.………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………
3.………………………………………………………………………………………
………………………………………………………………………………………..

**Tontu yi**

1.………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………..
2.………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
3.………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………..

### G- Homework writing assignment

Jëlal men rééw (ci Afrik wala Amerik bët-saalum) mu nekkoon ci nguuru Faraas wala Angalteer wala Portugaal wala Espaañ. Bindal tuuti ci cosaanam ak moom boppam. Ci ay njiitam ak xew-xewi pólitigam.

*Pick one country that was under colonial rule before gaining independence. Write about the history of its independence, the leaders, and the political events.*

…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………
…………………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………
……………………………………………………………………………………………………